



330 FULLER STREET, DORCHESTER, MA 02124 P: 617-287-0096 F: 617-287-0170

DEKLARASYON AFAB POU JOUNEN ENTÈNASYONAL FANM ANE 2007 LA

Asosiyasyon Fanm Ayisyen nan Boston (AFAB) ap komemore fanm brav ak fanm djanm ki te kontribye pou chanje lavi tout fanm sou latè. Fanm sa-yo te ewo nan konferans Kopenhag nan peyi Almay nan ane 1917. Nou jwenn kalite fanm sa-yo tou nan fanm Ayisyèn tèt anplas ki te nan revolisyon 1791 la. Nou rekonèt epi onore yon latriye fanm Ayisyèn ki te bay kontribisyon yo pou fè Revolisyon Aysyen an yon siksè nan ane 1804. Yon Revolisyon ki te limen dife libète nan tout nouvo mond lan.

Jodi a nou jwenn kouraj nan lespri fanm ewo Ayisyèn zansèt nou yo pou nou kapab redi anba tout traka enjistis nan batay nou pou yon sosyete jis kote tout moun egalego. Kòm yon òganizasyon imigran, nou konsantre sou pwoblèm espesifik fanm imigran yo; men jiska prezan nou jwenn koneksyon klè ak efò jeneral tout fanm yon jefò ki konekte ak vizyon mondyal pou fanm ak plis pouvwa kominotè.

Tèm nou pou 2007 la: “Opòtinite pou fanm imigran” revele jefò nou pou louvri plis pòt pou edikasyon, fòmasyon, sante ak lojman pou fanm. Ogmantasyon rapid santiman anti imigran depi Lwa Patriyòt 2001 alète nou sou gran bezwen ki gen nan kominote imigran yo pou yo ogmante pouvwa ekonomik yo. Pandan anpil ane AFAB ede fanm imigran k’ap andire britalite nan relasyon yo pandan yo izole epi yo pa gen okenn pouvwa ekonomik. Wòl AFAB se pou jwenn estrateji efektif pou ede fanm reprann konfyans nan tèt yo epi rebati amoupwòp yo pou yo ka fè pa ki nesèsè nan direksyon pwogrè.

Sòti Ayiti pou rive Boston nou simonte yon latriye obstak kòm yon gwoup fanm imigran.. AFAB kontinye vwa pou fanm ke yo, eksplwate, viktim diskriminasyon ak abi toulejou nan men mari yo, patwon yo, ak sistèm lan. An Ayiti yo vyole fanm yo, blese yo; nan Etazini imigrasyon fè yo lachas nan travay yo, arete yo epi depòte yo san jijman. Eske se pa moun yo ye? Eske yo pa merite pou yo viv ansanm ak fanmi yo jan lwa peyi sa-a mande? Eske yo pa merite jistis? Eske yo pa gen dwa sivil yo tankou tout moun?

Fòs ewoyik zansèt fanm nou yo pèmèt AFAB kontinye fè travay defans ak òganizasyon pou fè fanm yo djanm pou yo ka reklame tretman ki jis epi ekitab. Nou anbrase tèt chaje san rete nou jwenn nan òganize pou lwa imigrasyon ki jis ak ekitab. Konesan ke nou se yon kominote imigran ki djanm epi tou gras ak kout men lòt frè ak sè pwogresis nou yo sa va asire nou yon avni ki pi briyan.

Jodi a pandan n’ap konsantre nou sou defans pou chak fanm ka gen opòtinite pou yo pwogrese, nou rete kwè system lan bezwen bonjan chanjman debaz pou separasyon egalego richès peyi a. Sèlman lè sa-a n’ap kapab mete fen ak soufrans ak abi nan sosyete nou an. Ansanm, ansanm nou ka travay pou fè mond sa-a vin pibon pou fanm ak tout fanmi yo.